

- Fèy yo dwe sèch apre twa (3) jou pou pi plis. Tout féy yo dwe byen vét. Depi yo tounen yon lót koulé, yo pa bon pou poud ankó
- Pile fèy yo nan yon gwo pilon jis yo



tounen yon poud.

- Pase poud la nan yon paswa pou retire kras.



- Sere poud la nan yon sachè oubyen yon bokal byen pwòp kote li pa ka mouye. Poud la ka bon pou jis si (6) mwa. Koulé li se bon fason pou konnen si li bon toujou. Li dwe byen vét.



Cory Thede se yon misyonè k ap travay avèk yon pwoje Doliv sou lil Lagonav. Anpil enfòmasyon nan piblikasyon sa soti travay Cory ak ekip li ap fè. Òganizasyon kote Cory travay rele W.I.S.H.

JAN POU SÈVI AK POU LA

Pou bay ti moun yo, ou ka mete yon gwo kiyè poud nan manje pa yo a, oubyen nan yon gode ji. L ap bon pou bay ti moun nan yon gwo kiyè twa fwa pa jou. Pou yon ti moun ki gen en (1) an jis li gen twa (3) zan, men sa yon gwo kiyè poud pral ba li:

1. 14% Pwoteyin li bezwen nan yon jou.
2. 40% Kalsyòm li bezwen.
3. 21% Mayezyòm li bezwen.
4. 13% Potas li bezwen.
5. 23% Fè li bezwen.
6. 87% Vitamin A li bezwen
7. 7% Vitamin C li bezwen.

Sa vle di, si yon ti moun manje twa gwo kiyè poud pa jou, l ap jwenn tout Vitamin A, tout Kalsyòm, preske tout Fè epi preske mwaye a Pwoteyin li bezwen. **Sa se bèl bagay nèt.**

SE EKIP TEKNIK AK DISPANÉ ENTEGRE-MOUVMAN
PEYIZAN PAPAY (MPP)-K AP PREZANTE
ENFÒMASYON SA A. mpp@hainet.net
JANVYE 2005

DOLIV



Yon Solisyon Senp Pou Malnitrisyon

ITILITE DOLIV

Doliv (Benzoliv) se yon plant ki ka sove pitit ou. Ou ka itilize tout pati Doliv pou manje oubyen pou fè renmèd, depi nan rasin pou rive nan grenn nan. Men sa ki pi enpòtan, li ka sove pitit ou. Fèy ak gous Doliv gen anpil bagay esansyèl pou lavi epi si pitit ou malad anpil oubyen doktè yo gentan di l ap soufri *malnitrisyon*, Doliv ka ede ou jwenn solisyon.

MEN KÈK BAGAY OU KA FÈ AK DOLIV

POUD

- Yon poud ki fèt ak fèy Doliv ka ede fi ki ansent fè pitit ki pi djanm si yo manje l chak jou. Poud sa a bon pou ede ti nouris gen plis lèt tou.
- Poud sa a, li bon pou mete'l nan manje ti moun yo. Li bay pwoteyin, kalsyòm, fè, Vitamin C ak Vitamin A ak anpil lòt bagay. Pi devan n ap pale sou jan pou fè poud la.

FÈY

- Ou ka pile fèy jèn yo, mete yo nan manje ti bebe yo.
- Jèn fèy yo, boujon ak flè yo trè bon pou fè legim. W ap jwenn kèk pye Doliv ki bay fèy anmè. Men, w ap jwenn plis ki pa anmè ditou.
- Fèy yo bon pou moun ki malad tou. Vitamin yo genyen, yo ede moun geri pi vit.
- Fèy ki rèk, yo bon pou manje bèt.

GOUS

- Ou ka fè pwa tann ak jèn gous yo.

GRENN

- Ou ka manje grenn ki sòti nan gous ki mi yo, men fòk yo griye.
- Grenn yo ka bay yon lwil ki bon pou itilize nan manje.
- Grenn lan ka sèvi pou trete dlo ki sal.

EKÒS

- Ekòs (po bwa a) itil kont dyare.

RASIN

- Fèy bouyi ak poud rasin bon pou la fyèv ak doulè.

ENFÒMASYON SOU PLANTASYON

Doliv se yon pye bwa ki pi souvan ka mezire 4 a 5 mètr wotè (12 a 15 pye), men li ka rive jiska 12 mètr (37 pye). Kò li ka rive mezire anviwon trant (30) santimèt (12 pous) lajè. Doliv se yon pye bwa ki reziste sechrès anpil. Menm si gen plis pase si (6) mwa



Yon fason pou plante Doliv se pou simen grenn yo dirèk nan yon tè ki byen prepare ak dechè bèt oubyen lòt kalite fimye. Simen grenn yo 2 santimèt fondè avèk yon distans 40 santimèt pou chak pye. Si ou plante plizye ran bay 40 santimèt pou chak ran. Grenn yo pran twa (3) a set (7) jou pou leve.

sechrès, li ka bay bon rezilta. Li pa p grandi byen ni kote ki gen anpil lapli, ni kote ki gen twòp fredri-anwo nan mòn ki wò anpil yo, pa egzanp. Nan Plato Santral, li ka grandi byen preske tout kote.

Doliv fasil fasil pou tabli. Li pa bezwen yon tè espesyal, li ka grandi nan preske nenpòt tè. Malgre sa, l ap bay pi bon rezilta nan yon tè ki gen sab. Nan yon tè ajil, dlo ka monte sou li epi touye l. Sa tou, depi ou ka bay li yon ti konpòs, dechè bèt oubyen nenpòt lòt kalite angrè natirèl, l ap bay plis fèy. L ap bay plis fèy tou si ou pa kite l grandi twòp, si ou koupe l, fè l rete yon pye kout.

KÒMAN POU FÈ POUD AK FÈY DOLIV?

- Koupe branch yo. Depi kò pye Doliv la gen yon gwo sè yon pous, li ka koupe. Kite twon an genyen yon wotè yon mètr (twa pye) pou pi piti.
- Retire fèy yo. Pa melanje boujon yo ak fèy ki pi rèk. Itilize boujon yo pou fè



legim. Se fèy rèk yo ki bon pou fè poud la.

- Mete fèy rèk yo sou yon griyaj oubyen yon tami. Mete yo yon kote yo ka sèche byen, men pa mete yo sèche anba solèy. Solèy pral retire vitamin yo.

